



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 20 fevriye 2015

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE JEFF BELT PRAL TRAVAY KÒM KO PREZIDAN KONSÈY DEVLOPMAN
EKONOMIK REJYON LWÈS NEW YORK**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse Jeff Belt, Prezidan SolEpoxy Inc. nan Olean, nonmen kòm ko prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York. Belt se yon manm Konsèy la depi lane 2011. Li reprezante fabrikan ak konte Cattaraugus, epi li jwe yon wòl enpòtan nan kwasans entelijan ak gwoup travay Global-NY la, apa lòt aktivite konsèy rejyonal, pou ankouraje antreprenarya ak devlopman ti biznis.

“Atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York la, nou wè yon chanjman nou ka kwè nan bon direksyon an, epi jounen jodi a mwen fyè pou m nonmen ak akeyi Jeff Belt kòm ko-prezidan,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Mesye Belt deja pote anpil nan ekip kap bay rezilta sa, epi mwen kwè ak èd san rete li a na pral menm wè plis kwasans ak dinamik nan rejyon sa”

Jeff Belt te di konsa, “Mwen santi m onore ak nominasyon sa epi ak konfyans Gouvènè Cuomo mete nan mwen pou m sèvi kòm Ko Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Santral New York. Konsèy la pwouve metòd tèt kole ak kominotè sa ap bay rezilta nan rejyon nou an anjeneral. M espere travay ak Prezidan Tripathi ak tout konsèy la pou kontinye bon travay sa.”

Belt pral dirije Konsèy Rejyonal la nan tèt ansanm ak Ko prezidan Konsèy Satish K. Tripathi, Prezidan University of Buffalo. Li ranplase Howard Zemsky, Gouvènè Cuomo fenk nonmen nan tèt Empire State Development kòm Prezidan Direktè Jeneral ak Komisyone.

Antanke manm premye seri manm Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York Gouvènè a te nonmen yo, Belt rete youn nan manm pi aktif li yo. Li te ede dirije ajanda kwasans entelijan konsèy la ki santre sou investisman nan sant iben, vilaj, bòdmè ak frich endistri ki egziste deja. Li te ede prezante pwogrè rejyon an bay ekip evalyasyon estratejik Gouvènè a, yon etap enpòtan anpil nan pwosesis seleksyon sibvansyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York la chak ane. Li plede tou pou investisman nan pwòje North Union Street Walkable Olean a, sa ki ede òganize ak siksè sipò lokal pou inisyativ la epi atire atansyon ak resous alafwa Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York la ak gouvènman federal la.

Belt travay kòm Prezidan ak Direktè SolExposy depi lane 2010, lè li te dirije ekip acha ki te sove yon biznis manifakti wot-teknoloji pou l pat fèmen. Team SolEpoxy ap tounen ak tradisyon Hysol la—Hysol te konpayi Olean nan ki te envante plastik ki itilize pou pwoteje pis silisyòm, apa lòt bagay. Belt double investisman R&D epitou ogmante espòtasyon nan lemonn antye. Anvan SolEpoxy, Belt te travay pandan 15 lane nan wòl estrateji sektè jeni, manifakti ak antrepriz nan General Motors, apre sa pandan 12 lane kòm antreprenè ak jesyon ti biznis nan konpayi teknoloji nan zòn Buffalo. Pasyon li se strateji komèsyal epi metòd li se etidye modèl referans ki bay rezilta.

Prezidan Direktè Jeneral Empire State Development, & Komisyonè Nonmen Howard Zemsky te di konsa, “Atravè travay ansanm nou nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York la, Jeff vin non sèlman yon moun mwen al chèche pou konesans ak espètiz li, men tou yon moun mwen rele yon zanmi kounye a. Mwen konnen pandan l ap travay ak Prezidan Tripathi, Jeff pral kontinye egzekite estrateji konsèy la epi bati apati siksè rejyon nou an.”

Koprezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York la Satish K. Tripathi te di konsa, “Mwen kontan anpil Jeff Belt nommen koprezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York. Jeff se yon manm konsèy estanda epi li pote yon lespri biznis dinamik nan pòs la, ansanm epitou li mete yon fokus klè sou devlopman entelijan ak bezwen inik konte Cattaraugus, Chautauqua ak Allegany gneyen yo. M espere kontinye kolaborasyon nou an pandan konsèy la kontinye ap chèche ankouraje investisman, kreye dyòb ak jwenn sipò sektè prive ak resous.”

Belt te resevwa Bachelor (diplòm) syans li nan jeni mekanik nan Cornell University ak metrize li nan Jesyon Biznis nan IMD, Lausanne, peui Laswis. Li se yon manm aktif kominote a, ki manm nan Greater Olean Chamber of Commerce Board of Directors; Upper Allegany Health System, Olean General Hospital ak Bradford Memorial Hospital Board of Directors; North Union Street Restoration Steering Committee; ak Olean Brownfield Opportunity Area Steering Committee. Li travay tou kòm administratè pou Buffalo Olmsted Parks Conservatory; manm konsèy ak prezidan New Millennium Group, Buffalo; epi direktè ak visprezidan American Chamber of Commerce, Beijing.

Plan estratejik 2011 rejyon Lwès New York la, “Yon strateji pou Pwosperite,” fokus sou enablers ekonomik ki ankouraje kwaans entelijan, prepare mendèv epi foster yon kilti antreprenarya, leveraging prensip sa yo pou akcelere sektè endistri enpòtan tankou manifakti modèn, agrikilti, lojistik binasyonal, enèji, sante ak Syans lavi, edikasyon siperyè, sèvis pwofesyonèl ak touris.

Nan kat premye seri aktivite Konsèy Rejyonal la, rejyon Lwès New York te resevwa \$273.5 milyon nan sipò eta bay pou 306 pwojè atravè senk konte li yo. Lane pase sèlman, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York la te rekòmande tou, epi Empire State Development te bay, \$24 milyon nan sibvansyon Excelsior pou 24 konpayi ki sipoze jwenn \$181 milyon nan investisman sektè prive, sa kap mennen nan kreyasyon oswa konsèvasyon plis pase 5.200 dyòb. Sa vin mete sou gwo pwogrè kap fèt nan Lwès New York atravè Buffalo Billion.

Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo

Insyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la se yon eleman enpòtan nan apwòch transfòmasyon Gouvènè Andrew M. Cuomo nan investisman ak devlopman ekonomik Eta a. Nan lane 2011, Gouvènè Cuomo te kreye 10 Konsèy Rejyonal pou devlope plan estratejik alontèm pou kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk espè lokal ak moun ki konsènen ki nan biznis, akademi, gouvènman lokal ak òganizasyon ki pa nan gouvènman. Konsèy Rejyonal yo te re-defini fason New York investi nan dyòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch ki baze sou kominote, apwòch soti anba pou monte ak kreye yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. Apre kat wonn nan pwosesis la, yo te bay apeprè \$3 milya pou kreye plis pase 3.100 dyòb ak pwojè devlopman kominote ki konsistan ak plan estratejik chak rejyon, kak sipòte kreyasyon oswa konsèvasyon plis pase 150,000 dyòb. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo, ale sou sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.841